

# Amelyorasyon nan Route 28X

YON NOUVO PERYOD NAN TRANSPOTASYON NAN BIS POU MATTAPAN, DORCHESTER, AK ROXBURY

Biwo Ekzekitif Transpòtasyon (Executive Office of Transportation - EOT) ak MBTA ap pran avantaj pwogram federal pou relanse ekonomi a ("stimulus package") bay la, pou yo fè gwo amelyorasyon nan sèvis bis ki pase nan pòsyon rout ke piblik la plis itilize a.

## Pwojè a

Rout 28X pral ranplase Rout 28 Bis MBTA a (MBTA Bus Route 28), pou bay yon sèvis pi konfòtab e pi efikas, soti Mattapan Square pou rive Ruggles Station. Rout 28X la pral opere soti Blue Hill Avenue ak Warren Street, e li pral sèvi Dudley Station, yon pwen santral nan sèvis bis MBTA a. Rout 28X la pral genyen pwòp liy bis pa li, nouvo estasyon bis kap genyen chofaj ak machin pou kat Charlie yo (CharlieCard), plis kapasite pou pote pasaje, bis pwòp ki mezire 60 pye, ak amelyorasyon sikilasyon pou fè sèvis la pi rapid e pou ogmante efikasite li seryezman.

Moun ki pral itilize Rout 28X la pral ka konekte pi fasilman e pi rapidman nan plis pase yon douzèn rout bis nan estasyon Dudley ak Ruggles, menm jan ak nan liy tren Orange Line ak liy tren rapid Mattapan la (Mattapan High Speed Line).


Pwojè sa a se yon repons dirèk a demand piblik la pou genyen yon pi bon sèvis bis – sèvis ki roule pi vit, pi souvan, pasaje ka plis konte sou li, e sou rout yo vle. Anplis sa, pwojè a pral genyen benefis ekonomik gras a sèvis transpòtasyon ki amelyore nan zòn kote yo prevwa yo vle fè devlopman ekonomik yo.

## Aspè espesyal

Gen yon kantite amelyorasyon yo pral fè nan sèvis sa a:

- › Liy bis rezève a pral redui tan vwayaj paske y ap retire bis nan kote konn gen gwo trafik yo. Nan kèk pòsyon Blue Hill Avenue ak Warren Street, yo kapab mete liy bis nan yonn oubyen toude direksyon yo.
- › Siyal sikilasyon ki pi modèn pral bay bis yo priyorite nan kafou yo.
- › Ap genyen mwen estòp sou rout la pou pèmèt bis yo vwayaje pi rapid. Pral gen lòt rout bis ki pral kontinye sèvi kèk nan estòp yo oubyen tout estòp Rout 28X la pa sèvi ankò.
- › Nouvo estòp bò rout la ap genyen pi bon estasyon, plas pou moun chita, siyal elektronik, chofaj, ak machin CharlieCard pou achte kat bis yo.
- › Pi gwo bis pou pèmèt plis chès pou moun chita.
- › Peman tike yo anvan pasaje yo monte bis yo ap pèmèt monte bis la fèt 4 fwa pi rapid.

<http://www.mass.gov/eot/28x>



# Kesyon ak Repons

## 1) Sa ki pral rive bis liy Rout 28 yo ki la kounye a?

- Rout 28X pral ranplase Rout 28 ki la kounye a. Pou fè tan vwayaj la pi rapid, e pèmèt yon pi bon koneksyon ak anbalavil (downtown) Rout 28X la pral genyen mwens estòp pase kantite estòp ki nan koridò Rout 28 kounye a. Rout 22, 23, 31, pami lòt rout, pral kontinye bay sèvis nan menm koridò a.

## 2) Eske ap genyen yon koneksyon ki kowòdone ak Silver Line la oubyen bis ki ale dirèkteman nan South Station?

- Pwojè yo pwopoze la a, se suiv rout kote rout liy bis Rout 28 la pase kounye a, ki konekte ak Silver Line la nan Dudley. Yon nan bagay nou espere fè nan Atelye Planifikasyon Kominotè (Community Planning Workshops) kap fèt nan jou k ap vini yo, se tandè lide pasaje Rout 28 yo sou ki destinasyon yo prefere, e nou pral konsidère posibilite pou nou kowòdone koneksyon bis yo oubyen ogmante rout yo.

## 3) Ki lè sèvis sa a ap kòmanse opere?

- Yo prevwa pou nouvo Route 28X la kòmanse travay anvan January 2012.

## 4) Kisa kap rive pye bwa ak po flè ki fèk plante nan mitan rout la? Eske gen plan pou yo replante yo?

- Pou nou kapab kreye yon rout bis ki nan mitan rout Blue Hill Avenue a, nou ka oblije retire kèk dekorasyon plant. Si sa ta nesèsè, nap enstale nouvo dekorasyon plant nan zòn ki tou pre yo. EOT ak MBTA pral kolabore ak katye ki sou rout koridò 28X la pou jwenn lòt kote pou mete plant yo deplase yo.

## 5) Kijan yo pral reyòganize twotwa yo pou pèmèt timoun travèse la ri yo san danje?

- Nou pral travay ak kominote ki nan katye bò rout la ak enjenyè pwofesyonèl pou deside ki aranjman twotwa ki pi efikas e ki gen plis sekirite. Nou kwè estasyon bis nan mitan lari a ka mete moun yo pi an sekirite, paske sa redui kantite liy nan lari a pasaje yo oblije travèse pou yo al pran yon bis, e sa pèmèt moun yo jwenn estasyon sa yo pi fasil.

## 6) Eske pwojè Amelyorasyon Rout 28X la pral chanje rout evakyasyon yo?

- Nou kwè pwojè Amelyorasyon Rout 28X la ap kenbe menm kantite liy pou moun kondi sou Blue Hill Avenue, e menm rout evakyasyon an ap rete. Anplis, paske moun yo ap gen pi bon kote pou yo kanpe pran bis sou sou rout la, Rout 28X la pral fè li pi fasil pou moun evakye nan bis – yon sistèm ki pi fasil pou rive fè yon evakyasyon pandan ijans, e trè sòvan se sèl mwayen ki la pou moun ki pa genyen machin oubyen ki pa ka jwenn machin.

## 7) Eske yo pral retire kèk paking?

- Wi, gen kèk paking – pami yo genyen ki toupre liy bis ki nan mitan rout la- nou pral oblije deplase pou nou fè espas pou liy bis rezève a. EOT ak Vil Boston pral travay pou redui kantite paking k ap pèdi, paske nou rekonèt enpòtans li nan koridò a. Nou pral travay ak rezidan yo, komès ak enstitisyon ki sou Rout 28X la pou deside kijan nou ka redui fason sa deranje moun ki konn pake bò Blue Hill Avenue an.

## 8) Eske y ap retire liy pou vire yo? Eske sa pa pral ralanti trafik la anpil? Si lòt bis ko na koridò a dwe kondui nan liy yo abitye kondi yo, eske machin pa pral bloke dèyè bis yo oubyen machin k ap vire agoch yo?

- Nan kèk ka, yo ka oblije mete liy pou vire yo yon lòt kote oubyen konsolide yo pou ka pèmèt yo reyalize liy bis rezève a. Menm jan ak pou depasman paking yo, EOT ak MBTA pral eseye redui oubyen minimize chanjman nan rout pasaje yo abitye pran yo; nou pral byen diskite chanjman sa yo ak lòt kesyon ki ka poze ak manm kominote a pandan period planifikasyon ak konsepsyon pwojè a.

## 9) Eske yo pral oblije refè twotwa yo?

- Nan jan yo pwopoze li kounye a, yo pa prevwa pou yo fè twotwa yo pi piti, ni pou yo refè fason yo ye kounye a bò rout Blue Hill Avenue.

## 10) Si lajan sa a pa itilize pou Rout 28X, èske li kapab itilize pou lòt pwojè transpòtasyon nan Mattapan ak Dorchester?

- Si pwojè Amelyorasyon Rout 28X la pa ta reyèlize, li pi posib EOT ak MBTA pral itilize lajan yo mete a kote pou pwojè sa a pou finanse lòt pwojè transpòtasyon piblik ak rout nan tout Massachusetts. Rekòmandasyon federal yo mande pou yo bay priyorite a pwojè ki ka avanse pi vit yo, pou kapab relanse ekonomi a.

## 11) Eske yo ka bay garanti yo pral anplwaye minorite pou nouvo konstriksyon yo? Eske yo kapab pa konsidere konpayi ki pa gen bon dosye nan anplwaye minorite pou pwojè sa?

- Pou seleksyone konpayi konstriksyon pou Pwojè Amelyorasyon Rout 28X la, EOT ak MBTA pral suiv ekzijans leta ak gouvènman federal yo, ak regleman entèn, nan sa ki gade konsiderasyon pou konpayi minorite yo. Anplis desa, pou itilize lajan federal pou relanse ekonomi a (the American Recovery and Reinvestment Act) genyen kèk ekzijans pou anplwaye minorite, e n ap suiv yo tou. Amwens Leta Massachusetts te ofisyèlman retire yon konpayi nan lis konpayi li ka bay kontra, nou pa kapab pa bay konpayi sa a konsiderasyon pou pwojè a.

## 12) Kote ide pou pwojè 28X la soti?

- Depi lontan te gen yon nesèsite pou te amelyore sèvis bis nan kòridò a (li te rantrè nan Pwogram 2003 pou Transpòtasyon nan Massachusetts / 2003 Program for Mass Transportation) e yo te dokimante li nan Plan Direktè Estratejik pou Roxbury nan Vil Boston (City of Boston's Roxbury Strategic Master Plan) ak Access Boston 2000-2010.

Pwojè sa a tou te rantrè anndan plizyè tèm ki te nan dokiman efò planifikasyon estratejik EOT a "youMove Massachusetts," tankou amelyore fonksyonman sistèm transpòtasyon an, ogmante kapasite anplasman yo ak sèvis yo, e kreye yon sistèm transpòtasyon ki pi fasil pou pasaje yo, pami plizyè lòt bagay. Koridò Rout 28X la gen yon kantite enpòtan moun li pote, aranjman fizik li pèmèt pou fè amelyorasyon ki kapab amelyore fason bis yo respekte orè yo ak tan vwayaj yo.